# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–12 फरवरी 2025 भोजपुरी समाचार

प्रयागराज महाकुंभ में आजु भिन्नहियें से माघ पुन्नमासी क नहान चलि रहल हौ। आखिरी समाचार मिलले ले संझा चारि बजे ले देस–बिदेस से आइल अउर कलपबास कइ रहल करीब एक करोड़ चौरानबे लाख से बेसी सरधालु आजु पवित्र संगम में आस्था क डुबकी लगा चुकल हवें। हमरे संवाददाता बतवलें कि माघ के पुन्नमासी के दिन्ने गंगा, जमुना अउर सरस्वती के संगम में नहाइल सुभ मानल जाला। ई कलपबास कइले क खास अनुस्ठान के अंतो क प्रतीक हौ। येह भव्य उत्सव में दस लाख से बेसी कपलबासियो सामिल हो रहल हवें। येह दौरान सरधालुअन क सुविधा अउर सुरक्षा क कड़ेर इंतिजाम कइल गइल हौ। प्रदेस क पुलिस महानिदेसक प्रशान्त कुमार बतवलें कि पूरा महाकुंभ मेला इलाका क प्रयागराज के सथहीं लखनऊओ से निगरानी कइल जा रहल हौ।

***हम लोगों ने लखनऊ में भी एक वार रूम बना रखा है, जहां से लाइव फीड हम प्रयागराज क्षेत्र का ले रहे हैं। और जैसा कि आप अवगत है कि लगभग ढाई हजार से अधिक कैमरे हमारे एक्टिव हैं और उन सभी का लाइव फीड हमारे आई ट्रिपल सी जो प्रयागराज में है वहां जाता है और यहां भी देखा जाता है।***

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथो आजु भिन्नहीं माघ के पुन्नमासी नहान क वर्चुअल निगरानी कइलें। तेरह जनौरी से सुरू भइल महाकुंभ में आजु दुपहरिया बाद ले करीब सैंतालीस करोड़ पचपन लाख से बेसी सरधालु नहा चुकल हवें।

**********

माघ के पुन्नमासी पर आजु प्रदेस के सज्जो प्रमुख तीर्थस्थलन पर पवित्र नदियन में नहा के सरधालु पूजा–अर्चना कइ रहल हवें। बनारस, अजोध्या, अमरोहा, फर्रूखाबाद अउर हापुड़ जिला क पवित्र नदियन में नहाये बदे आजु भोरवें से सरधालुअन क भारी भीड़ि रहल। बनारस में दस प्रमुख गंगा घाटन पर करीब बीस लाख से बेसी सरधालु कड़ेर सुरक्षा के बिच्चे आजु नहइलें।

**********

महाकुंभ क तीनि गो अमृत नहान के बाद बनारस पहुंचल नागा साधु माघ पुन्नमासी के मौका पर आजु पेसवाई जलूस निकरलें। सबसे बड़हन जूना अखाड़ा क पहिला पेसवाई आजु दुइ हजार नागा साधुअन के साथे बैजनत्था जपेश्वर महादेव मठ से हनुमान घाट मठ ले गाजा–बाजा के साथे निकारल गइल। जलूस में बैंडबाजा, नगाड़ा अउर नागफनी जइसन बाजा के धुन पर नागा साधु करतब देखवलें अउर धूनियो रमवलें। जगहि–जगहि येह भव्य जलूस क स्वागत कइल गइल।

**********

प्रदेस भर में आजु संत रविदास क छौ सौ अड़तालीसवां जयंती मनावल जा रहल हौ। बनारस जिला में उनके जनमस्थली सीर **गोव**र्धनपुर में आजु दिन भर देस–बिदेस से आइल रैदासी लोगि उनकर बंदगी कइलें। ओइजा संत रविदास मंदिर में दरसन बदे करीब तीनि लाख से बेसी सरधालु पहुंचल हवें। प्रदेस क मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ लखनऊ में आयोजित संत रविदास जयंती कार्यक्रम में हिस्सा लिहलें। येह मौका पर अपने सम्बोधन में उहां के कहलीं कि डबल इंजन क सरकार संत रविदास क जनमभूमि के एगो भव्य स्वरूप दिहले हौ।

**हमने सद्गुरू रविदास जी महराज की पावन जन्मभूमि सीर गोवर्धन काशी में प्रधानमंत्री मोदी जी के विजन के अनुरूप वहां पे भव्य स्वरूप दे दिया। वहां पर यात्री विश्रामालय बना दिया। सद्गुरू रविदास जी महराज जी की भव्य प्रतिमा रखवा दी गई है। पाथ का निर्माण कर दिया गया। फोर लेन की कनेक्टिविटी दे दी।**

पूरबी उत्तर प्रदेस क अम्बेडकरनगर के सथहीं प्रदेस के कई अउरियो जिलन में संत रविदास जयंती पर कई गो आयोजन कइल गइल।

**********

श्रीराम मंदिर क मुख्य पुजारी आचार्य सत्येंद्र दास क लखनऊ के संजय गांधी पोस्ट ग्रेजुएट इंस्टीट्यूट ऑफ मेडिकल साइंसेज–एसजीपीजीआई में आजु भिन्नहीं सरगबास हो गइल। उहां के अस्सी बरिस क रहलीं। तीनि फरौरी के उनके ब्रेन हेमरेज के बाद एसजीपीजीआई में भरती करावल गइल रहे।

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ सोसल मीडिया पोस्ट के जरिये उनके सरगबास पर सोक जतावत कहलें कि आचार्य श्री सत्येंद्र कुमार दास जी महाराज क सरगबास बहुते दुखद हौ आ सामाजिक अउर आध्यात्मिक जगत बदे अपूरणीय क्षति हौ। राम मंदिर ट्रस्टो उनके सरगबास पर गहरा सोक जतवले हवे।

**********

कर्नाटक क चिकमंगलूर जिला के श्रृंगेरी मठ शारदा पीठि क संकराचार्य विधु शेखर भारती आजु गोरखपुर के गीता प्रेस पहुंचलें। उहां के गीता प्रेस क सज्जो छपाई मसीनिन के देखलीं अउर उनके बारे में पुरहर जनकारी लिहलीं।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु गोरखपुर अइहें। उहां के बिहने एक सौ दुइ दसमलव सात एक करोड़ रूपिया क कई गो विकास परियोजना क लोकारपण अउर नेइ धरबि। एहमें खोराबाद में बनल सहर क पहिला कल्याण मंडपम क लोकारपणो सामिल हौ।

**********